



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023

# NALIKA PREIAN SEKOLAH

**KETIKA LIBURAN SEKOLAH**

**PENULIS : GATOT HARIJOTO**

**ILUSTRATOR: WISNU DRAJAD**





# **NALIKA PREIAN SEKOLAH**

**KETIKA LIBURAN SEKOLAH**

**PENULIS : GATOT HARIJOTO**

**ILUSTRATOR: WISNU DRAJAD**



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023**

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

NALIKA PREIAN SEKOLAH  
KETIKA LIBURAN SEKOLAH

Penulis : Gatot Harijoto  
Ilustrator : Wisnu Drajad  
Penerjemah : Sri Widjowati Kinasih  
Penyunting : Joko Sugiarto  
Penata Letak: Hasti Ismalia

**Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-607-8 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic  
ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.

## **Kepala Balai Menyapa**

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Nalika preinan unggah-  
unggahan kelas, Hanan  
diterake wong tuwane  
menyang daleme Simbah.  
Mbah Kung lan Mbah  
Putri lenggah ing kutha  
Lumajang, Jawa Timur. Hanan  
mangkat saka Yogyakarta  
numpak sepur Logawa.  
Saka Yogyakarta menyang  
Lumajang dilakoni udakara  
wolung jam.

Saat liburan sekolah, Hanan  
diantar orang tuanya ke  
rumah Kakek dan Nenek.  
Kakek dan neneknya tinggal di  
Lumajang, Jawa Timur. Hanan  
berangkat dari Yogyakarta  
naik kereta Logawa.  
Yogyakarta ke Lumajang  
ditempuh sekitar delapan jam.

Preinan unggah-unggahan kelas iku rada dawa. Mesthi wae Hanan bakale kateg olehe ngineb ing daleme Mbah Kakung lan Mbah Putri.

Wah, Hanan seneng banget.

Saben bengi nalika arep mapan turu, Hanan ajeg nyuwun didongengi dening Mbah Kakung. Sing paling disenengi Hanan kuwi crita wayang.

Saliyane Raden Gathutkaca, wayang Anoman mujudake paraga sing narik kawigatene Hanan. Manut ngendikane Mbah Kung, Anoman uga bisa mabur kaya Ghatutkaca.

Hanan manthuk sumanggem. Angen-angene kelingan marang lukisan kaca gambare Anoman ing omahe Kino, kancane sekolah.

Liburan sekolah tahun ini panjang. Hanan pasti puas menginap di rumah Kakek dan Nenek. Wah, Hanan sangat senang.

Setiap malam sebelum tidur, Hanan meminta Kakek untuk mendongeng. Dongeng yang paling disukai Hanan adalah cerita wayang.

Selain Gatotkaca, tokoh Hanoman juga menjadi salah satu idola Hanan. Menurut cerita Kakek, Hanoman itu bisa terbang seperti Gatutkaca. Hanan mengangguk. Dia teringat pada lukisan kaca yang bergambar Hanoman di rumah Kino, teman sekolahnya.



Ing dina Minggu esuk, Mbah Kung ajak-ajak “Ayo, dolan menyang alun-alun, Le!”

“Horee!” Hanan surak seneng.

“Mangkate menyang alun-alun bonceng pit montor tuwane Mbah Kung”.

Nalika tekan cedhak alun-alun, Mbah Kung njujug nggon titipan pit. Sawise mbayari ongkos titipan, Mbah Kung lan Hanan nuli mlaku ngener alun-alun. Esuk kuwi kahanane reja banget.

Ing dalan-dalan saubenge alun-alun akeh wong mlaku-mlaku. Wong-wong mau, lanang-wadon, padha nganggo kostum olah raga.

Ing sauruting dalan akeh wong adol panganan lan omben-omben. Olehe adol nganggo grobak utawa pit montor.

Pada hari Minggu pagi, Kakek mengajak “Ayo pergi ke alun-alun!”

“Hore!” Hanan bersorak riang.

“Kita ke alun-alun naik sepeda motor tua milik Kakek.”

Ketika sudah hampir sampai di alun-alun, Kakek menuju ke tempat penitipan motor. Setelah membayar ongkos penitipan, Kakek dan Hanan lalu menuju ke alun-alun. Pagi itu, alun-alun sangat ramai.

Di sekeliling alun-alun banyak orang jalan pagi. Orang-orang itu, baik laki-laki maupun perempuan, memakai kostum olah raga.

Di sepanjang jalan banyak orang berjualan makanan dan minuman. Mereka berjualan menggunakan gerobak atau sepeda motor.

“Le, ayo nonton atraksi jaran kencak ing sisih kana kae,” ature Mbah Kung. Ing kadohan katon wong sapirang-pirang lagi katrem nonton atraksi. Swarane gamelan keprungu lamat-lamat njalari Hanan kepingin weruh kesenian khas Lumajang kuwi.

Tekan panggonan sing diparani, Hanan weruh jaran lagi njoged. Jaran iku dikebaki paesan pating krelip. Gegere jaran dipasang kuwadhe sing dipaesi pating krelip.

Sing ngguyokake kuwi atraksi penari kupluk. Penarine wong lanang cacah lima. Wong-wong mau siraha dikupluki. Nalika padha njoged, kupluke obah-obah nanging ora tiba.

Jaran kencak lan Tari Kupluk iku kesenian khas Lumajang. Gamelan sing kanggo ngiringi arane Kenong Telok. Kenong Telok iku basa Medura kang ateges kenong cacah telu.

“Ayo kita lihat atraksi *jaran kencak* di sana,” kata Kakek. Dari kejauhan tampak banyak orang sedang menikmati tontonan atraksi. Suara gamelan terdengar sayup-sayup sehingga membuat Hanan penasaran seperti apa kesenian khas Lumajang itu.

Sampai di lokasi atraksi, Hanan melihat kuda yang sedang menari. Kuda itu penuh dengan hiasan pernak-pernik. Di punggungnya terpasang hiasan berwarna-warni.

Atraksi yang lucu itu penari kupluk. Penari kupluk lima laki-laki. Kelima penari itu memakai kupluk atau topi. Ketika menari, topi mereka bergerak-gerak, tetapi tidak jatuh.

*Jaran Kencak* dan *Tari Kupluk* itu kesenian khas dari Lumajang. Gamelan pengiring disebut *Kenong Telok*. Kenong Telok adalah bahasa Madura yang berarti kenong yang berjumlah tiga.

“Wah, sisih mrika wonten tiyang sadeyan wayang, Kung” aloke Hanan.

“Thole kepingin tuku, ta?”

“Menapa regine mboten awis, Kung?” Hanan takon.

“Ora, Le. Wayang sing didol kuwi digawe saka kerdhus,” tumanggape Mbah Kung.

Mbah Kung nuli ngajak Hanan marani panggonane wong dodol wayang dolanan. Wayang iku katon apik-apik. Yen disawang satleraman, ora ngira asale saka karton.

Tokoh wayang karton sing didol iku sing paling akeh cacahé Bima. Tokoh liyane Anoman, Gathutkaca, Kresna, Abimanyu, lan Punakawan. Manut kandhane bakule, wayang Bima lan Gathutkaca paling laris.

“Thole kepingin tuku sing endi?” Mbah Kung ndangu.

“Gathutkaca kaliyan Anoman, Kung,” wangsulane Hanan. Mbah Kung nuli nakokake regane. Bakule mangsuli, “Wayang loro diregani sewidak ewu.”

“Wah, di sana ada orang jualan wayang, Kek,” kata Hanan.

“Hanan ingin beli, ya?”

“Apa harganya tidak mahal, Kek?” Hanan bertanya.

“Tidak. Wayang yang dijual itu terbuat dari kardus,” jawab Kakek.

Kakek kemudian mengajak Hanan ke tempat orang jualan wayang. Wayang-wayang itu tampak bagus. Jika dilihat sekilas, tidak disangka terbuat dari karton.

Tokoh wayang karton yang dijual paling banyak Bima. Tokoh yang lain Hanoman, Gatotkaca, Kresna, Abimanyu, dan Punakawan. Menurut sang penjual, wayang Bima dan Gatotkaca paling laris.

“Kamu ingin beli yang mana?” Kakek bertanya.

“Gatotkaca dan Hanoman, Kek,” jawab Hanan.

Selanjutnya, Kakek menanyakan harganya. Penjual menjawab, “Harga dua wayang enam puluh ribu rupiah.”



Ing sandhinge wong dodol wayang ana wong dodol dolanan tradisional. Dolanan sing didol warna-warna.

Ana trek saka kayu, dhakon, yoyo penggalan, bedhil-bedhilan, lan dolanan liyane. Dolanan mau digelar ing lemah.

Dolanan yoyo paling disenengi bocah-bocah. Bocah wadon paling seneng dolanan dhakon.

Sidane Hanan dipundhutake dolanan yoyo dening Mbah Kung. Hanan nyuwun rong iji. Yoyo sijine bakal diwenehake Kino nalika mulih menyang Sleman.

Di samping penjual wayang ada penjual mainan tradisional. Mainan yang dijual bermacam-macam.

Ada truk dari kayu, congklak, yoyo, tembak-tembakan, dan sebagainya. Mainan itu ditata di tanah.

Mainan yoyo paling disukai anak-anak. Anak perempuan paling suka congklak.

Hanan dibelikan mainan yoyo oleh Kakek. Hanan minta dibelikan dua. Yoyo yang satu akan diberikan pada Kino saat pulang ke Sleman.

Nalika mulih saka alun-alun,  
Hanan nuduhake wayang  
olehe tuku marang Mbah  
Putri.

“Apik tenan, Le. Nanging, yen  
merangake aja seru-seru. Yen  
keseron olehe merangake, sida  
klakon mrotholi,” ngendikane  
Mbah Putri.

Ketika pulang dari alun-alun,  
Hanan memamerkan wayang  
yang dibelinya kepada Nenek.

“Bagus sekali, Nak. Namun,  
saat memainkan wayang  
jangan terlalu kuat nanti  
cepat rusak,” kata Nenek.

Ing wayah bengi Hanan nakokake dolanan tradhisional marang Mbah Kung. Hanan pancen kerep krungu tembung kuwi, nanging dheweke ora nate meruhi blegere. Hanan ora takon babagan dolanan modern amarga wis weruh.

“Yoyo klebu dolanan tradhisional,” ngendikane Mbah Kung. Sabanjure, Mbah Kung njlentrehake babagan dolanan tradhisional. Mbah Kung ngendika, “Dolanan yoyo saumuran karo dolanan dhakon.”

Penggalan uga klebu dolanan tradhisional sing saumuran karo yoyo. Semono uga egrang, karetan, nekeran, engklek, gobag sodor, soyang, lan jumpritan. Dolanan tradhisional kuwi nyenengake kabeh.

Yoyo bisa kanggo srana ngraketake kekancan. Dolanan kuwi uga bisa kanggo nggladhi konsentrasi lan ketrampilan tangan. Dolanan kuwi uga kanggo ngasah kecerdasan lan kreativitas.

Pada waktu malam Hanan menanyakan permainan tradisional kepada Kakek. Hanan sering mendengar ungkapan itu, tetapi dia tidak pernah tahu wujudnya. Hanan tidak bertanya tentang permainan modern karena sudah tahu.

“Yoyo termasuk permainan tradisional,” kata Kakek. Selanjutnya, Kakek menjelaskan permainan tradisional. Menurut Kakek permainan yoyo seusia dengan permainan congklak.

Penggalan juga termasuk permainan tradisional yang seusia yoyo. Begitu juga egrang, permainan karet gelang, kelereng, engklek, gobak sodor, soyang, dan petak umpet. Permainan tradisional itu menyenangkan.

Yoyo dapat menjadi sarana untuk mempererat persahabatan. Permainan itu juga dapat digunakan untuk melatih konsentrasi dan keterampilan tangan. Permainan itu juga digunakan untuk mengasah kecerdasan dan kreativitas.



Yoyo klebu dolanan kuna. Metune kira-kira 2.500 taun kepungkur. Bab iku bisa dideleng ana ing lukisan vas Yunani. Lukisan kuwi nggambarake sawenehing bocah cilik lagi katrem dolanan yoyo.

Arsip Yunani njlentrehake yoyo digawe saka kayu, logam, lan gerabah. Manut arsip Yunani, yoyo disuguhake kanggo dewa. Ancase minangka pratandha yen bocah wis ngancik umur remaja.

Tembung yoyo asale saka basa Tagalog, Philipina. Yoyo ditegesi ndang mreneya, ndang mreneya.

Yoyo termasuk permainan kuno. Yoyo ditemukan sekitar 2.500 tahun yang lalu. Hal tersebut bisa dilihat dari lukisan vas Yunani. Lukisan itu menggambarkan beberapa anak kecil sedang asyik bermain yoyo.

Arsip Yunani menjelaskan bahwa yoyo terbuat dari kayu, logam, dan gerabah. Menurut arsip tersebut, yoyo digunakan sebagai persembahan dewa. Hal tersebut menjadi tanda bahwa anak-anak mulai beranjak remaja.

Kata yoyo berasal dari bahasa Tagalog, Filipina. Yoyo berarti segera ke sini, segera ke sini.

Mbah Kung nuli njlentrehake bab tembang dolanan.

Tembang dolanan klebu dolanan sekar. Tegese dolanan sing ditembangake. Sing klebu dolanan sekar, yaiku *soyang* lan *jalak pita*.

Dolanan kaya jamuran, cublak-cublak suweng, lan lepetan diarani dolanan joged. Bocah-bocah olehe dolanan kanthi nembang karo njoged.

Dolanan kaya dene sodoran, nekeran, egrang, jumpritan, lan sepak tekong klebu dolanan kridha.

Kakek menjelaskan tembang dolanan. Tembang dolanan termasuk permainan lagu, yaitu permainan yang dilagukan. Yang termasuk permainan lagu antara lain *soyang* dan *jalak pita*.

Permainan seperti *jamuran*, *cublak-cublak suweng*, dan lepetan disebut permainan tari. Anak-anak bermain dengan cara bernyanyi sambil menari.

Permainan seperti gobak sodor, kelereng, egrang, petak umpet, dan sepak tekong disebut permainan gerakan.



“Thole isih apal tembang  
“Menthog-menthog”, ta?”  
Mbah Kung ndangu.

“Taksih apal, Kung,”  
wangsulane Hanan.

“Bagus, Le. Saiki, coba  
tembangna!”

“Sendika, Kung,” aloke Hanan  
karo nirokake carane wong  
hormat.

Sawise hormat bendera,  
Hanan nuli nembang  
“Menthok-menthok”. Olehe  
nembang dibanterake. Mbah  
Putri sing lagi asah-asah  
piring nganti kaget.

*Menthog-menthog  
takkandhani, tak tuturi. Mbok  
iya aja ngetok ana kandhang  
wae. Menthok-menthok mung  
mlakumu, megal-megol gawe  
guyu.*

“Hanan masih hafal tembang  
“Menthog-menthog”, ‘kan?’”  
tanya Kakek.

“Masih, Kek,” jawab Hanan.

“Bagus. Sekarang, coba  
nyanyikan!”

“Siap, Kek,” kata Hanan  
sambil menirukan cara orang  
memberi hormat.

Setelah hormat bendera,  
Hanan kemudian menyanyi  
tembang “Menthok-menthok”.  
Dia bernyanyi dengan suara  
keras. Nenek yang sedang  
mencuci piring kaget.

*Menthog-menthog  
takkandhani, tak tuturi. Mbok  
iya aja ngetok ana kandhang  
wae. Menthog-menthog mung  
mlakumu, megal-megol gawe  
guyu.*

‘Menthog-menthog  
kuberitahu, kunasihati,  
sebaiknya jangan keluar di  
kandang saja. Menthog-  
menthog caramu berjalan  
bergoyang-goyang  
mengundang tawa.’

Liburan sekolah kari rong dina. Sesuk Ayah lan Mama bakale rawuh mrene. Ing dina sesuke Hanan wis mulih nunggang KA Logawa. Wah, jan-jane Hanan durung kateg. Mumpung isih ana daleme simbah, Hanan matur marang Mbah Kung.

“Mbah Kung nate dhawuh, Hanan badhe dipun ajak dolan dhateng daleme tukang gawe wayang. Lajeng benjing punapa, Kung?”

“Iya, Le. Ing kana thole bisa ndeleng carane nggawe wayang kulit. Mengko sore wae olehe mangkat menyang omahe tukang gawe wayang, ya,” ngendikane Mbah Kung.

Liburan sekolah tinggal dua hari lagi. Besok Ayah dan Mama akan datang menjemput Hanan. Lusa Hanan akan pulang dengan Kereta Api Logawa. Sebenarnya Hanan belum puas tinggal di sana. Mumpung masih di rumah Kakek dan Nenek, Hanan berkata kepada kakeknya.

“Kek, kata Kakek Hanan akan diajak ke tempat perajin wayang? Kapan, Kek?”

“Iya, Nak. Di sana kamu bisa melihat cara membuat wayang kulit. Nanti sore kita berangkat ke rumah perajin.” kata Kakek.

Ing wayah sore Hanan ndherek Mbah Kung menyang omahe tukang gawe wayang. Olehe mrana mbonceng pit montor tuwa. Omahe tukang gawe wayang ana ing Kecamatan Senduro. Dohe saka Lumajang 20 Km.

Tekan panggonan sing diparani, Mbah Kung dibagekake Pak Jayeng.

“Thole menika keng wayahipun, nggih, Pak?” Pak Jayeng takon.

“Iya, Pak Jayeng. Putuku kepingin ngerti carane nggawe wayang kulit.”

Sore hari Hanan ikut Kakek ke tempat perajin wayang. Mereka ke sana naik sepeda motor tua. Rumah perajin wayang ada di Kecamatan Senduro. Jaraknya dari Lumajang 20 Km.

Sampai di sana, Kakek disambut oleh Pak Jayeng.

“Wah, ini cucu Bapak, ya?” Pak Jayeng bertanya.

“Iya, Pak Jayeng. Cucuku ingin tahu cara membuat wayang kulit.”



Pak Jayeng nuli ngajak Hanan menyang panggonane wong nggawe wayang kulit. Ing kono Hanan ngawruhi bekakas sing kanggo nggawe wayang. Bekakase warna-werna. Hanan lagi saiki olehe weruh.

Wondene carane gawe wayang kulit kuwi mangkene. Wiwitane, kulit sapi utawa kebo dikum sawengi. Esuke, kulit mau dipepe ing gawangan.

Yen wis garing, kulite lagi didhunake saka gawangan. Pakaryan candhake yaiku ngeroki wulu. Bekakas sing kanggo ngresiki wulu yaiku pecok. Wulu sing dikerok yaiku wulu njaba lan wulu njero.

Pak Jayeng mengajak Hanan ke tempat perajin wayang kulit. Di sana, Hanan melihat peralatan yang digunakan untuk membuat wayang. Peralatan itu bermacam-macam. Hanan baru tahu peralatan itu.

Cara membuat wayang kulit itu seperti ini. Pertama, kulit sapi atau kulit kerbau direndam selama satu malam. Besok pagi, kulit dijemur di tiang jemuran.

Setelah kering, kulitnya baru diturunkan dari tiang jemuran. Selanjutnya, bulu dibersihkan. Alat untuk membersihkan bulu disebut pecok. Bulu yang dibersihkan adalah bulu bagian luar dan bulu bagian dalam.

Yen kulite wis alus, pakaryan candhake yaiku nggosoki wulu sing nyisa. Wondene sing digawe nggosoki wulu yaiku amril utawa kertas gosok. Olehe nggosok kudu nganti alus kaya kaca. Yen wis alus tenanan, kulit dipepe maneh. Manut kandhane Pak Jayeng, bekakas sing kanggo nggawe wayang iku warna-werna. Bekakas mau arupa telenan. Telenan kanggo landhesane gambar wayang sing ditatah. Telenan padatan saka kayu sawo.

Tatah kanggo ngukir kulit laras karo pola gambar wayang. Gandhen kanggo nuthuki tatah. Malam utawa lilin bathik kanggo ngasahi tatah. Jangka kanggo nggawe pola sing bunder.

Jika kulit sudah halus, pekerjaan selanjutnya menghaluskan sisa bulu yang masih tertinggal. Alat yang digunakan untuk menghaluskan kulit adalah amplas atau kertas gosok. Menggosok kulit harus sampai halus seperti kaca. Jika sudah benar-benar halus, kulit dijemur lagi.

Menurut Pak Jayeng, alat yang digunakan untuk membuat wayang bermacam-macam. Alat itu berupa talenan. Talenan digunakan sebagai alas gambar wayang yang akan ditatah. Talenan yang bagus terbuat dari kayu sawo.

Tatah digunakan untuk mengukir kulit sesuai dengan pola gambar wayang. Palu digunakan untuk memukul tatah. Malam atau lilin bahan batik digunakan untuk mempertajam mata tatah. Jangka digunakan untuk membuat pola lingkaran.



Tatah sing kanggo natahi pola gambar cacahé 18 iji. Tatah iku diperang dadi loro. Perangan sijine diarani tatah kuku. Perangan liyane diarani tatah lintas.

Pak Jayeng nuduhake tatah sing cacah 18 kuwi. Piyambake uga marahi carane nyekeli gandhen. Pola gambar wayang Kresna uga dituduhake.

Yen wis rampung olehe natah pola gambar, saiki gilirane mbedhah. Pakaryan mbedhah kuwi mujudake katrengginasane. Yen kurang ngati-ati olehe mbedhah, tatahane cacad.

Tatah yang digunakan untuk membuat pola gambar berjumlah 18 macam. Tatah tersebut dibagi menjadi dua. Sebagian disebut tatah kuku. Bagian lain disebut tatah lintas.

Pak Jayeng menunjukkan ke 18 tatah itu. Beliau juga mengajari cara memegang palu. Pola gambar wayang Kresna juga ditunjukkan.

Jika pola sudah selesai menatah pola gambar, sekarang waktunya *mbedhah*. Pekerjaan ini sangat membutuhkan keahlian. Jika kurang hati-hati, hasil ukiran cacat.

Manut Pak Jayeng, pakaryan natah kudu laras karo pakulinan. Padatan olehe natah diwiwiti saka perangan sikil sisih ngarep. Perangan raine wayang sing ditatah keridhewe. Natah perangan rai kuwi sing diarani *mbedhah*.

Sawise njlentrehake babagan natah, piyambake marahi carane nyungging. Sing diarani nyungging iku aweh warna utawa ngecet wayang. Bahane warna arupa bahan kimia sing olehe tuku ing toko obat Cina, toko bahan kimia, utawa toko cet.

Hanan rumangsa marem senjata isih grothal-grathul olehe ngerteni babagan tatah sungging. Ewa semana, Hanan wis entuk wulangan sing mligi.

Menurut Pak Jayeng, pekerjaan mengukir bergantung harus sesuai dengan kebiasaan. Cara mengukirnya dimulai dari kaki bagian depan. Bagian wajah wayang diukir paling akhir. Mengukir bagian wajah itulah yang disebut *mbedhah*.

Setelah menjelaskan cara mengukir, Beliau mengajari cara menyungging. Menyungging adalah memberi warna atau mewarnai wayang. Bahan yang digunakan berupa bahan kimia yang bisa dibeli di toko obat Cina, toko bahan kimia, atau toko cat.

Hanan merasa senang meskipun dia masih terbata-bata dalam memahami pengertian ukir dan sungging. Namun, Hanan sudah mendapat pengetahuan yang khusus.

Preinan dawa kuwi wis arep entek. Ayah lan Mama wis rawuh. Hanan banjur diajak wong tuwane mulih menyang Yogyakarta. Sejatine, Hanan isih rumangsa owel yen arep pisahan karo eyang. Nanging, arep piye maneh, awit sekolah wis mlebu.

Liburan sekolah akan berakhir. Ayah dan Mama sudah sampai rumah Kakek. Selanjutnya, Hanan diajak pulang oleh orang tuanya ke Yogyakarta. Sebenarnya, Hanan berat hati ketika harus berpisah dengan Kakek. Namun, apa boleh buat, besok dia harus masuk sekolah.



# Biodata

## Biodata Penulis

Gatot Harijoto. Lahir di Lumajang 13 Desember 1952, seorang Penulis Cerpen dan pensiunan guru. Tinggal di Perum Suko Ashri Lumajang.  
Kontak WA +62 857-3076-9736

## Biodata Ilustrator

Wisnu Drajad Kurniawan, Freelance Desainer Grafis & Ilustrator, berdomisili di Kendal, Jawa Tengah. Hobi menggambar sejak kecil, Lulusan DKV ISI Jogja, Selain mengerjakan ilustrasi, juga mengerjakan desain Logo, Storyboard TVC. Karya - karya Wisnu dapat dilihat di akun Instagram @Wisnu\_dk, kontak WhatsApp 089680836664

## Biodata Penyunting

Penyunting naskah ini Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.







MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Hanan memanfaatkan liburan sekolah untuk berkunjung ke rumah kakeknya. Hanan begitu senang berada di rumah kakeknya. Kakeknya mengajari Hanan mengenai berbagai macam permainan tradisional. Tidak lupa Hanan belajar cara membuat wayang. Saking senangnya, tidak terasa waktu libur sekolah akan segera berakhir. Berat hati Hanan kembali pulang dan masuk sekolah lagi.

ISBN 978-623-112-607-8 (PDF)



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia  
2023**